

Resous

Rele pou rapòte abi ak enkyetid:

Depatman Sante Eta New York

Liy Dirèk Mezon Retrèt

1-888-201-4563

Liy Dirèk Kay kote yo bay Swen pou Adilt

1-866-893-6772

Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi

1-518-473-7936

**pou rapòte enkyetid pou rezidan mezon retrèt ki tankou fanmi*

Liy Dirèk Komisyon Eta New York pou Kalite Swen ak Sipò pou Moun ki Andikape

1-800-624-4143

**pou rapòte enkyetid pou rezidan ki gen pwoblèm sante mantal k ap viv nan kay kote yo bay swen adilt*

Liy Dirèk Lopital Depatman Sante Eta New York

1-800-804-5447

Eta New York

Pwogram Medyasyon pou Swen Alontèm



Sipò pou Sipò pou Rezidan yo!

Pwogram Medyasyon Eta New York pou Swen Alontèm

2 Empire State Plaza
Albany, NY 12223

Liy Dirèk Èd Granmoun Aje Eta New York

Telefòn: 1.800.342.9871

Faks: 518.474.7761

www.ltcombudsman.ny.gov



Eta New York
Biwo pou Granmoun Aje

Greg Olsen
Direktè Pwovizwa

Mark Miller
Medyatè Eta

Pwogram Medyasyon LTC se yon sipò ak resous pou moun k ap viv nan sant medikal ki bay swen alontèm tankou mezon retrèt, sant medikal pou viv avèk asistans ak sant medikal kote yo bay swen pou adilt.

Medyatè yo ede rezidan yo ak fanmi yo konprann ak egzèse dwa yo pou jwenn bon kalite swen sante ak bon kalite lavi. Pwogram nan bay sipò pou rezidan yo alafwa nan nivo endividyèl ak nan nivo sistèm yo lè li:

- resevwa plent rezidan yo fè oswa plent ki fèt sou non rezidan yo, mennen ankèt sou yo, epi rezoud yo
- ankouraje devlopman konsèy rezidan ak fanmi yo
- bay enfòmasyon pou ajans gouvènman yo, founisè swen sante yo ak piblik jeneral la sou pwoblèm ak enkyetid ki afekte rezidan ki nan sant medikal ki bay swen alontèm.

Nan **New York**, pwogram nan fonksyone anba kontwòl Medyatè Eta a epi li gen biwo administratif li andedan Biwo Eta a pou Granmoun Aje (NYSOFA). Li bay sèvis sipò avèk yon rezo 36 pwogram lokal ak 1000 volontè toupatou nan eta a. Chak pwogram medyasyon lokal gen yon kowòdonatè medyasyon yo deziyen. Kowòdonatè medyasyon sa a anboche, fòme ak sipèvizè volontè ki bay yon prezans regilye nan mezon retrèt yo ak nan sant medikal kote yo bay swen pou adilt.



Medyatè yo reponn pou plizyè kalite enkyetid sou swen alontèm tankou:

- Kalite swen sante
- Abi ak neglijan
- Vyolasyon dwa moun
- Zafè moun ki pèdi oswa yo vòlè
- Enkyetid pou manje
- Egzeyat, degèpisman oswa sispansyon sèvis
- Pwogram avantaj piblik
- Frè pou peye pou swen

Pou jwenn lòt enfòmasyon:

Kontakte Pwogram Medyasyon Eta New York pou Swen Alontèm nan nimewo 1-800-342-9871, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb Pwogram Medyasyon Eta New York:
www.ltcombudsman.ny.gov